



Pou Piblikasyon Imedya: 02/07/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

POU WIKENN KAT JIYÈ A K AP PWOCHÈ A, GOUVÈNÈ HOCHUL ENFÒME NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU MEZI ETA A PRAN POU SIVEYE REKEN SOU PLAJ LONG ISLAND YO

Mezi sekirite ranfòse anvan sezon plaj nan Nassau ak Suffolk

Plis dwòn ak anplwaye ki resevwa fòmasyon disponib pou patwouye nan kondisyon danjere

Nouvo kas reyalite vityèl yo ede amelyore konsyantizasyon sou kouran dlo etwa yo

Pou wikenn 4 jiyè k ap pwoche a epi previzyon pou sezon plaj ak naj la, Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo dènye enfòmasyon sou mezi pou veye reken ak lòt bèt maren ki potansyèlman danjere nan Pak Eta Long Island ete sa a. Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) Eta Nouyòk la, an kolaborasyon avèk Depatman Konsèvasyon Anviwònman an (Department of Environmental Conservation, DEC), te elaji epi mete ajou kapasite siveyans lan, ki gen ladan nouvo dwòn ak operatè dwòn, sou plaj Pak Eta Long Island yo.

"Plaj Pak Eta Long Island nou yo a se bagay ke Nouyòkè ak vizitè yo apresye — kote ki pafè pou dekonekte, soti deyò epi pwofite aktivite deyò yo." **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap kontinye ranfòse kapasite siveyans reken nou yo ak taktik sekirite nou yo sou plaj sa yo pou ede pwoteje tradisyon ete sa yo ki gen anpil valè. Mwen ankouraje tout moun ki ale bò lanmè pou yo rete an sekirite, rete vijilan epi toujou swiv enstriksyon sovètè yo ak anplwaye pak la."

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta Nouyòk (Pak Eta yo) ap tcheke epi patwouye dlo yo kontinyèlman depi sou rivaj la, nan bato pou surf ak nan motomarin pou nenpòt lavi maren danjere, tankou reken. Sekirite Pak la ak anplwaye Pak la ap patwouye aktivman bò plaj la tou, yo itilize dwòn pou fouye dlo a pou jwenn lavi maren danjere oswa gwo ban pwason ki ka atire yo. Kapasite siveyans elaji Pak Eta a nan ete sa gen ladan:

- Te ajoute 6 dwòn nan 22 dwòn ki an fonksyonman kounye a, pou yon total 28 dwòn;

- Nou te fòme 8 nouvo pilòt dwòn pou yon total 48 operatè dwòn pami anplwaye operasyon yo, sovtè yo ak Sekirite Pak la; epi
- Yo te asiye Sekirite Pak la bay yon gwo dwòn antrepriz avèk imaj tèmik, deteksyon distans lazè, ak kamera kalite siperyè pou pèmèt siveyans ak patwouy lannwit nan move tan. Dwòn sa a kapab tou lage aparèy flotasyon pèsònèl an ijans.

Lè gen obsèvasyon ak/oswa entèraksyon ak reken nan plaj Pak Eta yo, yo sispann naje, epi yo retire tout moun k ap benyen nan dlo a. Pak Eta yo ap travay avèk DEC a pou konfime si yo te wè reken. Yo otorize moun pou naje rekòmanse omwen inèdtan apre dènye moun nan te wè l. Sovtè Pak Eta yo, Lapolis Pak ak pèsònèl pak la rete an alèt maksimal epi y ap fè patwouy dlo yo pou bèt maren danjere. Anplis de sa, Gwoup Sansibilizasyon Kòt Long Island la, ki konpoze de plis pase 200 moun ki soti nan minisipalite, ajans, ak operatè plaj prive ki soti nan Queens rive Long Island, te resevwa yon notifikasyon pou yo ka pran aksyon ki apwopriye nan jiridiksyon respektif yo.

Komisè Tanporè Pak Eta Nouyòk la, Randy Simons, te deklare, "Anplwaye nou yo byen prepare pou pwoteje moun ki ale bò lanmè pandan sezon ete sa a, epi nou kontan adopte dènye teknoloji a pou nou vin pi efikas toujou. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Depatman Konsèvasyon Anviwònman an pou sipò ak patenarya kontinyèl yo nan kenbe plaj sa yo an sekirite otank posib. Mwen ankouraje moun ki ale bò lanmè yo pou yo swiv konsèy ak direksyon anplwaye pak yo epi pou yo pran prekosyon ak reken yo pandan y ap pran plezi ete yo a."

Komisè Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal la, Amanda Lefton, te deklare, "Vizit nan plaj oseyan Long Island yo se yon pati ki gen anpil valè nan plan ete pou Nouyòkè yo ak vizitè ki soti lòt eta yo. Lè ou konsyan de kouran dlo etwa yo, lè ou suiv konsèy sekirite Eta a pou reken, epi lè ou sonje ke zòn kotyè nou yo fè pati yon ekosistèm maren sovaj ak natirèl, sa ap ede najè yo evite danje pandan y ap pran plezi nan solèy la. Gras a Gouvènè Hochul, DEC ak patnè nou yo nan Pak Eta yo gen zouti ki nesèsè yo pou siveye dlo a epi ede asire tout moun ki ale bò lanmè yo ka kontribiye nan garanti sekirite."

Nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo swiv [Gid pou sekirite kont reken:](#)

- Evite zòn ki gen gwoup pwason, ekabousi pwason oswa plonje zwazo maritim yo;
- Evite naje lè solèy kouche, lannuit ak bonè nan maten;
- Evite dlo twoub;
- Naje, navige nan kannòt ak sife an gwoup;
- Rete toupre rivaj la, kote pye w ka touche fon an; epi
- Toujou swiv enstriksyon sovtè yo ak anplwaye pak la.

Moun pran risk chak fwa yo antre nan nenpòt anviwònman sovaj, kit sou tè a oswa nan dlo. Malgre li enposib pou elimine tout risk yo, itilizatè oseyan yo ka modifiye konpòtman yo pou minimize entèraksyon potansyèl ak reken epi redwi risk jeneral. Lè w nan

oseyan an, swiv [direktiv sekirite reken DEC yo](#) pou minimize potansyèl entèraksyon negatif ak reken yo.

Nouvo Teknoloji Ede Amelyore Konsyantizasyon sou Kouran Dlo Etwa yo

Nan rejyon Long Island nan Nouyòk, Pak Eta yo te achte de kas reyalyte vityèl pou amelyore konsyantizasyon ak konpreyansyon piblik sou danje kouran dlo etwa yo. Manm piblik la ka itilize kas ekoutè sa yo nan evènman sansibilizasyon sou sekirite dlo sou plaj Pak Eta Nouyòk yo, soti 31 me rive 6 septanm 2025. Teknoloji a bileng, ak enstriksyon disponib an angle ak an panyòl. Kas ekoutè yo itilize teknoloji Pwofesè Jase Bernhardt devlope nan Inivèsite Hofstra ak devlopè Frank Martin, New York Sea Grant te fonde.

Kouran dlo etwa yo se chenn dlo pwisan ak etwat k ap koule rapid ki trè frekan sou kòt yo. Selon [Administrasyon Nasyonal Oseyanik ak Atmosferik \(NOAA\) a](#), gad sovtaaj yo sove plizyè dizèn milye moun nan kouran dlo etwa chak ane Ozetazini, men yo estime ke gen 100 moun ki mouri akòz kouran dlo etwa chak ane.

Kouran dlo etwa yo fòme anjeneral toupre yon pwèn ki pa fon nan dlo a, epi yo ka rive nan nenpòt plaj avèk vag k ap kraze, ki gen ladan Great Lakes. Si ou pran nan yon kouran dlo etwa, rete kalm epi pa goumen avè l. Naje paralèl ak rivaj la jiskaske ou soti nan kouran an, epi flote oswa mache nan dlo si ou kòmanse fatige. [Aprann plis bagay sou kouran dlo etwa yo.](#)

Inisyativ Pwogram Edikasyon sou Sekirite Dlo Rejyon Long Island lan te kòmanse nan Robert Moses Field 5 ane pase. Pou ete 2025 la, pwogramasyon an te elaji pou lòt pak nan rejyon an, tankou:

- 12 jiyè, 10 a.m.-2 p.m., Pak Eta Sunken Meadow: Teren 1 pou Pwomnad
- 25 jiyè, 4-8 p.m., Pak Eta Robert Moses: Teren 5
- 9 out, 10 a.m.-2 p.m., Pak Eta Heckscher
- 16 jiyè, 10 a.m.-2 p.m., Pak Eta Sunken Meadow: Bò lanmè
- 23 out, 10 a.m.-2 p.m., Pak Eta Sunken Meadow: Teren 1 pou Pwomnad
- 6 septanm, 10 a.m.-2 p.m., Pak Eta Captree: Festival Bò Waf la

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)